

## SET LAN KOLOKASI NGENANI CACADE AWAK

**Nurul Chamidah**

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa) Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Surabaya  
[Nurulchamidah5@gmail.com](mailto:Nurulchamidah5@gmail.com)

**Drs. Sugeng Adipitoyo, M.Si**

Dosen Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa) Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Surabaya

### Abstrak

Set ing kene nggolongake samubarang sing ana sajrone papan panggonan, uga bisa dingerteni kahanan wujud awake manungsa kang kurang sampurna ing sawijine panggonan kasebut. Mula panliten iki ngenani set lan kolokasi ngenani cacade awak ing Desa Candipari Kecamatan Porong Kabupaten Sidoarjo. Punjere panliten iki, yaiku: (1) Apa wae jinise sesambungan paradigmatik ing set? (2) Apa wae jinise sesambungan sintagmatik ing kolokasi? Kanthi adhedhasar punjere panliten, tujuwan ing panliten iki yaiku ngandharake lan njlentrehake jinise sipat sesambungan paradigmatik ing set lan sipat sesambungan sintagmatik ing kolokasi. Saengga bisa kanggo ngerteni set lan kolokasi ngenani cacade awak ing Desa Candipari Kecamatan Porong Kabupaten Sidoarjo.

Paedah ing panliten iki bisa migunani ing babagan set lan kolokasi ngenani cacade awak kang awujud basa. Panliten iki kagolong panliten linguistik kang sipate dheskriptif. Panliten iki nduweni obyek setunggal atus tigang dasa tiga tembung sajrone cacade awak antarane yaiku, buthak, nggandhen, jendhol, peyang, penceng, gimbal, brintik, kriwul, njezag, cemet, amba, bunder, puret, pithet, budheg, njeber, amba, nonong, penjol, maju, amba, nggambreng, penceng, kandel, picek, kera, wuta, kiyer, sipit, mendolo, amba, bunder, pesek, grumpung, nyeprok, njeber, penceng, kempot, kempot, gembil, gugut, cathis, maju, malang, njeber, ngodhok, kokop, amba, ndoweh, ndombleh, njodhir, perot, penceng, kandel, kepleh, angisi, njezag, prongos, gingsul, gigis, maju, banyak, gundhek, panggel, jemblong, bekel, busung, kadut, bunder, dengkek, mringkus, amba, bungkok, sangkuk, dengkung, amba, sengkleh, bodong, njenthit, tepos, bunder, bembeng, dengkung, thekle, ceko, puntung, gedhe, bengkong, kithing, ciker, bujel, bengkong, gedhe, bembem, lincip, gedhe, ngungkal, njeber, gedhe, penthong, wagah, buntung, bengkong, gedhe, nggandhul, garing, gedhe, nggajah, gedhe, nggajah, garing, gedhe, kithing, ciker, bujel, bengkong, gedhe, ngungkal, gerang, njeber, burik, kriput, kasap, kusi, kriput, kasap, mbekisik, mblohdhok, mbengerok, kasap, pecah-pecah, kriput lan kasap.

Dhata ing panliten iki diklumpukake kanthi cara teknik sadap, simak libat cakap, simak bebas libat cakap, pancing, rekam, lan cathet. Asil panliten iki nuduhake yen set lan kolokasi ngenani cacade awak nduweni sesambungan paradigmatik kang dijlentrehake lumantar tabel-tabel lan tegese tembung kang ana ngenani cacade awak. Saliyane iku, uga bisa digoleki drajad pepadhane. Sipate sesambungan paradigmatik ing set kaperang dadi loro, yaiku kang asipat netep lan asipat ora netep. Banjur sipat sesambungan sintagmatik sipate ana telu, yaiku dhistribusi, enkapsulasi lan ekstensi. Asile panliten iki nuduhake yen tembung kang sipate netep ing set bakal nduweni sipat enkapsulasi lan ekstensi ing kolokasi. Sipate tembung kang ora netep ing set nuduhake sipat dhistribusi ing kolokasine.

**Kata Kunci:** set, kolokasi, cacade awak

### PURWAKA

#### Lelandhesane Panliten

Cacade awak minangka kahanan awake manungsa kang kurang sampurna. Ora ana manungsa kang wujud sampurna. Wujud saka cacade awake manungsa jinise akeh banget. Wiwit saka pucuke rambut nganti pucuke sikil nduweni wujud lan arane cacad dhewe-dhewe kang sabanjure bakal digoleki sipat sesambungan paradigmatik lan sintagmatike.

Andharan ngenani jinise sesambungan paradigmatik ing set lan jinise sesambungan sintagmatik ing kolokasi pancen wis tau diteliti, nanging ora akeh. Kayata “Set lan Kolokasi sajrone Upacara Panggih Penganten” dening Utami taun 2013. Panlitene Utami iku wis ngandharake anane sipate sesambungan paradigmatik lan sintagmatik sajrone upacara panggih

penganten. Set lan kolokasi sajrone upacara panggih penganten diperang dadi telung perangan yaiku adhedhasar titilaksana upacara panggih manten, ubarampe lan pirantine. Banjur sipat-sipat sesambungane set lan kolokasi uga wis dijlentrehake.

Adhedhasar panliten iku, sipat sesambungan ing set lan kolokasi bisa digunakake kanggo ngandharake lan njlentrehake ngenani cacade awak. Dadi ing panliten iki luwih mligine bakal ngonceki sipate sesambungan paradigmatik lan sipate sesambungan sintagmatik ngenani cacade awak ing Desa Candipari Kecamatan Porong. Tegese, tembung-tembung ngenani cacade awak bakal diklumpukake utawa diset adhedhasar perangane awak. Cacad tegese anane samubarang kang kurang, kang

bisa nyebabake regane utawa kahanan dadi kurang apik lan kurang sampurna sajroning awak, aran, rasa lan tumindak. Banjur tegese awak yaiku ragane manungsa utawa kewan kang katon yaiku wiwit pucuking rambut nganti pucuking sikil. Awak iku ana perang-perangane miturut (Padmosoekotjo, 1979:40-42) awak diperang dadi telung perangan gedhe yaiku sirah, gembung lan sikil. Nanging, supaya luwih gampang dening panliti diperang maneh dadi limang perangan yaiku sirah, gembung, tangan, sikil lan kulit.

Ing buku-buku Paramasastra saperangan ana kang nyebutake ngenani cacad-cacade awak kayata tembung-tembung watak kang nduweni sesambungan salah sijine yaiku mripat: 'suthup', 'lamur', 'cadhok', 'picak' lsp. Banjur Wedhawati (2001:169) ngandharake ngenani (1) adjektiva bentuk kayata: 'wungkuk', 'lencir', 'kuru' lan 'bunder', (2) warna, (3) rasa lan (4) mental. Sakabehe iku mau kalebu ing perangan subkategori adjektiva adhedhasar makna leksikale.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur bisa digunakake minangka bahan kanggo nliti set lan kolokasi ngenani cacade awak. Nanging, ing kene panliten tetep nggunakake panganggone basa sajrone masyarakat, yaiku masyarakat ing Desa Candipari Kecamatan Porong Kabupaten Sidoarjo. Saliyane iku anggone nliti set lan kolokasi ngenani cacade awak jalaran, sakabehe kanyatan ing alam donya iki bisa diandharake lan dijlentrehake adhedhasar wilayahe teges set lan kolokasi adhedhasar satuwan leksikal. Salah sijine yaiku ngenani kahanan awake manungsa kaya dene cacade awake manungsa, mula bisa diandharake lan dijlentrehake jinise sesambungan paradhigmatik ing set lan jinis sesambungan sintagmatik ing kolokasi ngenani cacade awak. Perlu dingerteni, yen cacad kang ditliti, yaiku mung cacad kang kanthi fisik. Dadi, saliyané cacad fisik kaya dene cacad mental iku ora dijlentrehake.

Anggone nliti set lan kolokasi ngenani cacade awak, jalaran tembung-tembung ngenani cacade awak iku kalebu tembung-tembung kang asipat produktif lan frekuwentif. Adhedhasar bab kasebut cacade awak wigati kanggo ditliti nganggo set lan kolokasi kanthi nitiki jinise sipate sesambungan paradhigmatik lan sintagmatik.

Wewatesane objek panliten iki, yaiku set lan kolokasi ngenani cacade awak ing Desa Candipari Kecamatan Porong Kabupaten Sidoarjo, jalaran tembung-tembung kang digunakake kanggo ngarani cacade awak saben dhaerah iku durung mesthi padha. Tegese, saben-saben dhaerah iku nduweni aran kang beda-beda kanggo ngarani cacade awake manungsa. Mula, panliti menahi wewatesan ngenani cacade awak ing Desa Candipari Kecamatan Porong Kabupaten Sidoarjo. Saliyane iku, papan kasebut minangka papan panggonane panliti.

Adhedhasar lelandhesan panliten mau, mula undherane yaiku; (1) Apa wae jinise sesambungan paradhigmatik ing set ngenani cacade awak?; (2) Apa wae jinise sesambungan sintagmatik ing set ngenani cacade awak?

## A. Sipate Sesambungan Paradhigmatik ing Set

Pamawase Parera (1988: 42) ngandharake yen sesambungan paradhigmatik yaiku sesambungan ing antarane satuwan-satuwan basa kang nduweni kasalarasan tartamtu kanthi sistematis. Sesambungan paradhigmatik diolehi kanthi cara *substitusi* utawa nyulihni tembung liyane.

Sabanjure panemune Saussure (1996:16) ngandharake yen sesambungan ing satuwan basa iku padha utawa beda sajrone wujud lan teges mula diarani sesambungan asosiatif. Sesambungan iki sinebut sesambungan *in absentia* jalaran butir-butir iku ana kang muncul uga ana kang ora muncul sajrone tuturan. Sesambungan *in absentia* lan asosiatif tembung iku kang diarani sesambungan paradhigmatik.

Panemu ing ndhuwur disengkuyung karo apa kang diandharake Oka lan Suparno (1994:77) ngenani relasi utawa sesambungan paradhigmatik yaiku sesambungan kang *berdimensi vertikal*, relasi antarane satuwan sajrone tuturan (satuwan kang ana, dituturake) lan satuwan kang ora ana sajrone tuturan. Satuwan kang ora ana iku minangka satuwan kang 'diasosiasike'. Mula saka iku relasi kang kaya mangkono uga sinebut relasi *in absentia*. Upamane tembung 'paseduluran' nduweni asosiasi utawa paradhigma karo tembung-tembung 'adhi', 'ponakan', 'paman', lan sateruse. Paradhigma iku bisa tuwuh yen satuwan-satuwan basa iku saklompok utawa sawarga.

Saka andharan ing ndhuwur bisa dingerteni yen sesambungan paradhigmatik minangka sesambungan antarane satuwan kang nduweni sipat ora netep, ateges bisa nyulihni satuwan basa liya kang nduweni teges sawilayah. Luwih cethane bisa diweruhi jinise sipate sesambungan paradhigmatik ing set saka jlentrehan ing ngisor iki.

### 1) Netep lan Ora netep

Kaya kang wis diandharake ngenani sesambungan paradhigmatik kang diolehi kanthi cara *dhistribusi substitusi*. Mula, dhistribusi bisa digunakake kanggo njlentrehake sipate sesambungan paradhigmatik. Dhistribusi paradhigmatik kaperang dadi loro, yaiku substitutif lan ora substitutif.

Adhedhasar pamawase Oka lan Suparno (1994:81) ngandharake yen dhistribusi iku bisa asipat komplementer lan asipat paralel. Dhistribusi kang ora substitutif utawa dhistribusi komplementer, yaiku yen satuwan-satuwan basa kang sesambungan iku ora bisa nyulihni tembung liyane, nanging bisa njangkepi siji lan sijine. Mula, asil saka dhistribusi ora substitutif iku nuduhake sipate sesambungan paradhigmatik kang netep.

Saliyane dhistribusi ora substitutif, ana dhistribusi kang substitutif utawa paralel yaiku yen satuwan-satuwan basa kang sesambungan iku bisa nyulihni ing antarane siji lan sijine. Saengga, nuduhake sipate sesambungan paradhigmatik kang ora netep. Adhedhasar jlentrehan ing ndhuwur, bisa didudut yen sipate sesambungan paradhigmatik ngenani cacade awak, yaiku netep lan ora netep.

## B. Sipate Sesambungan Sintagmatik ing Kolokasi

Chaer (2009:113) ngandharake yen kolokasi iku nuduhake sesambungan sintagmatik jalaran sipate kang *linier*. Sesambungan sintagmatik iki uga kasebut sesambungan *in praesentia* jalaran butir-butir kang disambungake iki ana sajrone wicara (Saussure, 1996: 16). Saka rong panemu ing ndhuwur, bisa ditegesi yen sesambungan sintagmatik yaiku satuwan basa kasebut ana ing sajrone tataran wicara, saora-orane arupa frasa utawa ukara. Mula saka iku, sesambungan sintagmatik nduweni sipat linier utawa sejajar. Contone ‘Asu njegog’, ‘Jaran mbeker’, ‘Jago kluruk’ ing kene wis cetha nuduhake anane sesambungan antarane tembung siji lan sijine, yen ‘Asu’ iku mesthi ‘njegog’, yen ‘Jaran’ iku mesthi ‘mbeker’ lan ‘Jago’ iku mesthi ‘kluruk’. Frasa ing ndhuwur iku kabeh ora bisa diowah-owahi antarane tembung siji lan sijine. Yen diowahi bakal ngowahi tegese. Dadi, yen swarane ‘Asu’ iku mokal malih dadi swarane ‘Jago’ yaiku kluruk lan sateruse.

Saka andharan ing ndhuwur, bisa didudut yen sesambungan sintagmatik minangka sesambungan ing antarane satuwan basa kang asipat linier utawa sejajar. Sesambungan sintagmatik iki nuduhake sesambungane ing kolokasi. Ngenani sipat-sipate sesambungan sintagmatik kanthi luwih cethane bisa dideleng ing ngisor iki.

### 1) Dhistribusi

Dhistribusi yaiku titikan analisis basa struktural. Makna struktural diwujudake sajrone sipate sesambungan sintagmatik satuwan-satuwan tembung kang mujudake ukara. Makna struktural bisa diwujudake sajrone sipate sesambungan sintagmatik satuwan-satuwan tembung kang mujudake ukara (Parera, 2004:92). Mula, klasifikasi dhistribusi bisa digunakake kanggo njlentrehake sipate sesambungan sintagmatik.

Saben satuwan-satuwan basa iku nduweni dhistribusi kang beda. Miturut pamawase Oka lan Suparno (1994:81) ngandharake yen dhistribusi iku bisa asipat komplementer lan asipat paralel. Dhistribusi komplementer yaiku yen satuwan-satuwan basa kang sesambungan iku ora bisa nyulih tembung liyane, nanging bisa njangkepi ing siji lan sijine. Yen dhistribusi paralel yaiku yen satuwan-satuwan basa kang sesambungan iku bisa nyulih ing antarane siji lan sijine. Dhistribusi iki padha kaya kang dijlentehake Lyons ngenani sipate dhistribusi yaiku dhistribusi komplementer lan dhistribusi ekuivalen. Arane dhistribusi ekuivalen padha karo dhistribusi paralel.

### 2) Enkapsulasi

Enkapsulasi yaiku komponen makna saka *modifikasi* sintagmatik. Saliyane Trier lan Weisgerber kang ngandharake *semantik field* sajrone taun 1920-1930, banjur Porzig (1934) ngembangake gagasane ing bidhang semantik adhedhasar sesambungane rasa kang ana ing antarane tembung kang nuduhake sesambungan

sintagmatik (Lyons, 1977:263-264). Porzig uga ngandharake kanggo lelandhesan teorine yaiku adhedhasar sesambungan sajrone sintagmatik bipartit utawa kolokasi yaiku awujud saka tembung aran lan tembung kriya utawa saka tembung aran lan tembung kahanan, rong leksem ing saben sintagmatik kasebut kaiket karo sesambungan kang aran teges *animistik*, saka kutipan salah sijine karya kang nggambarake sipat sesambungan iki yaiku ‘nyakot’ iku mesthi nggawe ‘untu’, banjur ‘ndilat’ iku mesthi nggawe ‘ilat’, banjur ‘njegog’ iku mesthi ‘Asu’ lan kang ‘pirang’ iku mesthi ‘rambut’. Adhedhasar jlentrehan ing ndhuwur bisa dingerteni sipate sesambungan sintagmatik ing antarane tembung ‘nyakot’: ‘untu’, ‘ndilat’: ‘ilat’, ‘njegog’: ‘Asu’, lan ‘pirang’: ‘rambut’.

Adhedhasar anggone nyemak andharan ing ndhuwur iku mau bisa dingerteni komponen tembung saka komponen modifikasi sintagmatik minangka enkapsulasi. Mula enkapsulasi rasa ‘sikal’ sesambungan karo ‘nyadhuk’ lan enkapsulasi rasa ‘untu’ sesambungan karo ‘nyakot’.

### 3) Ekstensi

Ekstensibilitas yaiku aturan tata basa kang bisa diambakake yen ta ana kabutuhan anyar sajrone panganggone basa kasebut. Porzig menehi gegambaran saka tembung kriya basa Jerman yaiku tembung kriya ‘mungguh’ wiwitane diwatesi karo teges wantah kang tegese yaiku mligi kanggo ‘mungguh ndhuwur jaran utawa *berkuda*’, nanging saiki tembung kriya ‘mungguh’ bisa digunakake kanggo nuduhake kegiatan kayata ‘mungguh ndhuwur balok’ kang ateges lungguh. Saka teges asline ganti teges kang saya amba kang diarani minangka turunan saka *ekstensi tradisional metaforis*.

Conto liyane yaiku tembung ‘dawa’ wiwitane diwatesi karo teges wantah kaya ing ukara ‘rambute adhiku dawa’ nanging saiki tembung kahanan ‘dawa’ bisa digunakake ing ukara ‘dawa tangane’ kang ngemu teges entar yaiku dhemen njupuk duweke wong liya. Adhedhasar bab kasebut, Porzig ngandharake yen prinsip-prinsip ekstensi kaya mangkono gumantung karo *generalisasi* lan *abstraksi*, jalaran ekstensi saka makna sabenero mau digeneralisasiake dadi makna kang luwih umum. Andharan ngenani conto kaya ing ndhuwur iku bisa didadekake gegambaran kang trep.

### Landhesane Teori

Teori kanggo njlentrehake set lan kolokasi yaiku nggunakake jlentrehan komponen makna lan jlentrehan struktur batin. Luwih cethane bisa kadeleng kaya ing ngisor iki.

#### 1) Komponen Makna

Saben tembung nduweni wilayahe teges dhewe-dhewe kang dibentuk saka anane saperangan komponen makna. Mula, sekabehe tembung ing basane manungsa iku bisa dijlentrehake kanthi sekabehan utawa saperangan lumantar analisis komponen utawa komponen semantis (Lyons sajrone Mustaqim, 2002:26). Andharan ing ndhuwur iku disengkuyung karo andharane Gudai (1989:24) yen jlentrehan komponen nduweni pananggep

yen tembung iku ora mujudake tembung kang tunggal kang ora bisa dijlentrehake, nanging tembung iku minangka satuwan-satuwan teges. Mula saka iku, lumantar komponen makna bisa diweruhi yen satuwan tembung iku mujudake tembung kang nduweni teges sawilayah.

Saliyane iku, dhasar kanggo njlentrehake komponene yaiku bisa dideleng saka wujud utawa bentuke, wernane, posisine, ukurane lan titikan semantis liyane. Sajrone tabel komponen makna nggunakake patang jinis tandha, yaiku (+) tegese komponen makna bisa ditampa. Tandha (-) tegese komponen makna ora bisa ditampa. Banjur tandha (±) kang tegese kolokasine luwih saka siji uga nduweni teges yen komponen tembung bisa ditampa utawa ora bisa ditampa. Luwih cethane bisa dideleng saka conto ing ngisor iki.

**Tabel 1**  
**Jlentrehan Komponen Maknane Tembung ngenani Cacade Sirah**

Tembung / Komponen makna	<i>buthak</i>	<i>jendhol</i>	<i>pen-ceng</i>
dithukuli rambut	-	±	±
ora dithukuli rambut	+	±	±
mbendhol	-	+	+
bendhol sisih	-	-	+
sirah sisih mburi	+	+	±
ndhuwur	+	-	-

Adhedhasar andharan ing ndhuwur bisa dingerteni yen tembung ‘buthak’ nduweni komponen makna, ora dithukuli rambut, dununge ing sirah. Dadi tegese ‘buthak’ yaiku cacade sirah kang bisa ing sisih mburi, ndhuwur utawa kiwa-tengen kang ora dithukuli rambut. Banjur ‘jendhol’ nduweni komponen makna mbendhol, sirah sisih mburi. Dadi tegese ‘jendhol’ yaiku cacade sirah mbendhol ing sirah sisih mburi. Sabanjure yaiku ‘penceng’ nduweni komponen makna mbendhol sisih, ing sirah sisih mburi. Dadi, tegese ‘penceng’ yaiku cacade sirah kang mbendhol sisih ing sisih mburi. Nanging ana kang beda, ing tembung ‘penceng’ jalaran ‘penceng’ ora mung mujudake cacade sirah, ateges kolokasine luwih saka siji. Mula, diwenehi tandha (±). Adhedhasar jlentrehan ing ndhuwur bisa dingerteni yen kanthi analisis komponen bisa diweruhi komponen makna saben tembung kang ana ing wilayah kang padha.

**2) Struktur Batin**

Chomsky sajrone Gudai (1989:28) ngandharake yen jlentrehan struktur batin utawa *deep structure* kanggo ngandharake sesambungan makna sajrone tembung kang ora bisa uwal saka andharan sesambungan makna tembung ing sajrone ukara. Pamawas iku disengkuyung karo panemune Oka lan Suparno (1994:80) kang ngandharake sesambungan antarane satuwan-satuwan basa kang asipat horizontal utawa linier sinebut struktur dalam utawa struktur batin. Banjur pamawase Parera (2009:113) ngandharake yen struktur batin utawa *deep structure* minangka sekabehe guna gramatis lan sesambungan antarane satuwan-satuwan leksikal kang


bisa njlentrehake ngenani isi ukara kanthi semantis. Dadi, ana sesambungan antarane teori sintaksis lan semantik. Luwih cethane bakal diandharake kaya ing ngisor iki.

1a. Bocah lanang iku jotosan.

1b. Bocah wadon iku jotosan.

Tembung ‘jotosan’ ing ukara (1a) luwih bisa ditampa, jalaran bocah lanang iku sipate keras mula biyasane jotosan. Luwih cethane bisa kagambar ing ngisor iki.

**Bagan 1**  
**Jlentrehan struktur ukara**




Saka andharan ing ndhuwur bisa dingerteni yen ing ukara (1a) kanthi ukara ‘bocah lanang iku jotosan’ mujudake anane sesambungan satuwan tembung aran (B) ‘bocah lanang’ lan tembung kriya (K) ‘jotosan’ saengga, bisa dingerteni yen adhedhasar struktur batin ukara kasebut bisa ditampa, jalaran pancen kang senengane jotosan iku biyasane tumrap wong lanang utawa bocah-bocah lanang. Kosok balane, ukara (1b) kurang bisa ditampa, jalaran bocah wadon iku dianggep luwih lemah tinimbang bocah lanang, kejaba bocah wadon kang solah bawane kaya bocah lanang. Biyasane yen bocah wadon iku kerep jambakan, dudu jotosan. Adhedhasar andharan ing ndhuwur, bisa luwih dingerteni maneh yen jlentrehan struktur batin iku bisa kanggo njlentrehake kanthi cetha ngenani sesambungan antarane satuwan-satuwan tembung lan frasa kanthi satuwan gramatikale.

**Perangane Awak minangka Dhasar Pamerang**

Adhedhasar andharan ngenani set, anggone nglompok-nglompokake iku kudu nduweni dhasar tartamtu. Mula, sajrone panliten iki anggone merang uga kudu adhedhasar konsep tartamtu. Dening panliti, dhasar pamerang kang dienggo yaiku adhedhasar perang-perangane awak kang sabanjure bakal dijentrehake kaya ing ngisor iki.

**Bagan Perangane Awak**



Adhedhasar andharan ing ndhuwur bisa dingerteni yen sirah, gembung, tangan, sikil lan kulit hiponim marang perangane awak. Tegese awak yaiku ragane manungsa kang katon wiwit pucuke rambut nganti pucuke sikil. Sirah yaiku perangane awak sisih ndhuwur (tumrap manungsa utawa kewan minangka panggonane saperangan pancadriya). Banjur gembung yaiku blegering awak tanpa sikil, sirah lan tangan. Tangan yaiku perangane awak saka sikut nganti pucuke driji. Sikil yaiku perangane awak sisih ngisor saka pupu mengisor. Sabanjure kulit yaiku lapisan paling njaba saka awake (manungsa, kewan lan sapanunggal). Mula saka iku, sirah, gembung, tangan, sikil lan kulit kalebu ing perangane awak. Nanging, perang-perangan ing ndhuwur mau, kalebu perangan kang gedhe. Isih ana perang-perangan kang luwih cilik. Supaya luwih cetha, bakal dijlentrehake ing ngisor iki.

## METODHE PANLITEN

Panliten iki kalebu panliten basa kang asipat dheskriptif analisis. Diarani kanthi dheskriptif analisis jalaran sajrone panliten iki nlinti adhedhasar bentuk lan makna kang ana sesambungane karo set lan kolokasi ngenani cacade awak kang kudu dijlentrehake lan dianalisis, kanthi tujuan supaya luwih cetha anggone ngerteni jinise sipate sesambungan paradigmatik ing set lan jinise sipate sesambungan sintagmatik ing kolokasi.

Panliten iki asipat sinkronis, yaiku panliten basa kang dilakoni kanthi nlinti *fenomena* sawijine basa ing wektu tartamtu saengga sipate dheskriptif (Mahsun, 2007:86). Kanthi nlinti *fenomena* basa jawa ngoko ing Desa Candipari Kecamatan Porong ngenani cacade awak.

Dhata sajrone panliten iki yaiku dhata primer kang arupa tembung lan ukara ing basa Jawa ngenani cacade awak. Saliyane iku uga kanthi nggunakake intuisine panliti dhewe minangka bageyan saka warga lan pangaanggo basa Jawa ing Desa Candipari Kecamatan Porong Kabupaten Sidoarjo. Dhata diolehi saka saperangan papan panggonan, yaiku ing sekolahan, ing pasar lan ing omah. Kang sabanjure diwenehi tandha PS (papan ing sekolahan), PP (papan ing pasar) lan PO (papan ing omah). Banjur kang menehi tuturan jinis kelamine, yaiku lanang tandhane JKL lan wadon tandhane JKW.

Tatacara panglumpuke dhata ing panliten iki nggunakake metodhe semak lan cakap. Sabanjure sajrone metodhe semak bisa ditrapake kanthi saperangan teknik, yaiku teknik sadhap, semak libat cakap, semak bebas libat cakap, lan cathet. Sabanjure, yaiku metodhe cakap bisa dilakoni kanthi saperangan teknik, ing antarane teknik-teknik kang dilakoni dening panliti, yaiku teknik pancing lan teknik cakap semuka. Metodhe lan teknik-teknik iku mau kang digunakake dening panliti.

Panliti anggone njlentrehake sipate sesambungan paradigmatik kang dhatane arupa tembung bisa dijlentrehake adhedhasar jlentrehan komponen-komponen makna. Sabanjure kanggo sipate sesambungan sintagmatik kang dhatae arupa ukara, dijlentrehake nggunakake jlentrehan struktur batin kanthi cara njlentrehake satuwane ukarane.

Asile anggone ngandharake lan njlentrehake dhata kanthi cara *informal* yaiku nyuguhake asile lan njlentrehake dhata adhedhasar set lan kolokasi kang nuduhake sesambungan paradigmatik lan sintagmatik ngenani cacade awak kanthi cara dheskripsi kang nggunakake tembung-tembung lan angka-angka kang lumrah saengga gampang dingerteni dening saben wong kang maca asile panliten iki.

## JLENTREHAN DHATA LAN ASIL PANLITEN

### A. Andharan lan Jlentrehan Dhata ngenani Set

Dhata ing set iki arupa tembung-tembung kang nduweni sipat netep lan ora netep ing perangan awak, yaiku ing sirah, gembung, tangan, sikil lan kult. Drajade uga bisa diweruhi kanthi gamblang. Luwih cethane, kaya andharan ngisor iki.

#### Sipate Sesambungan Paradigmatik kang Netep ing Perangan Sirah

Sirah minangka hiponim saka perangane awak kang tegese, yaiku perangane awak kang sisih ndhuwur. Adhedhasar andharan sadurunge kang njlentrehake ngenani tembung-tembung kang sipate netep lan ora netep. Sesambungan paradigmatik kang sipate netep ing perangan sirah bakal diandharake kanthi luwih gamblang. Tembung-tembung kang cacache ana 41 tembung yaiku buthak, gandhen, jendhol, peyang, gimbal, brintik, kriwul, cemet, puret, pithet, budheg, nonong, penjol, nggambreng, picek, kera, wuta, kiyer, sipit, mendolo, pesek, grumpung, nyeprok, kempong, kempot, gembil, gugut, cathis, malang, ngodhok, kokop, ndoweh, ndombleh, njodhir, perot, kepleh, angisi, prongos, gingsul, gegis lan bundhel. Tembung-tembung iku mau, kabeh sipate ora substituf utawa ora bisa nyulih

Adhedhasar anggone ngitung drajad pepadhane, tembung-tembung ing perangan sirah kanthi 16 perangan minangka fitur dhistingtif, yaiku sirah iku dhewe, rambut, rai, kuping, bathuk, alis, mripat, irung, pipi, janggut, wang, cangkem, lambe, idep lan untu. Bisa didudut yen tembung-tembung kang sipate netep ing perangane sirah iku nduweni drajad pepadhan 93,7%. Saliyane iku, saben-saben tembung-tembung iku mau mung nuduhake ing siji panggonan. Mula saka iku, tembung-tembung kasebut sipate netep utawa ora dhistribusi, jalaran ora bisa ngganteni tembung liyane utawa ana ing siji panggonan.

#### Sipate Sesambungan Paradigmatik kang Netep ing Perangan Gembung

Gembung minangka hiponim saka perangane awak kang tegese perangane awak tanpa sirah, tangan lan sikil. Tembung kang sipate netep ing perangan gembung cacache luwih sithik tinimbang ing perangan sirah. Iku uga dijalari tembung-tembung kang dadi hipernime perangan sirah luwih akeh tinimbang hipernime perangan gembung. Kang sabanjure dadi dhasar pepadhan, yaiku 8 perangan. Menawa tembung-tembung cacade ana 16 tembung ing antarane, yaiku banyak gundhek, panggél, jemblong, bekel, busung, kadut, dengkek, mringkus, bungkok, sangkuk, sengkleh, bodong, njenthit, tepos lan bembeng.

Tembung-tembung kasebut ora bisa nyulahi tembung liyane, kang ateges sekabehane tembung iku ora substitutif utawa sipate netep ing siji panggonan. Ora ditemokake ing panggonan liya sajrone perangan gembung. Adhedhasar analisis drajad komponen bisa dingerteni drajad pepadhane tembung-tembung kang sipate netep ing perangan gembung, yaiku 87,5%. Iku adhedhasar drajad pepadhan kanthi anane 8 fitur dhistingtif kang dadi dhasar. Dhasare yaiku saka perang-perangane gembung utawa tembung-tembung kang dadi hiponime perangan gembung.

### Sipate Sesambungan Paradhigmatik kang Netep ing Perangan Tangan

Tangan minangka hiponim saka perangane awak. Tegese tangan, yaiku perangane awak saka sikut nganti pucuke driji. Ing antarane tembung-tembung cacade ana kang sipate netep. Tegese, tembung-tembung cacad ing perangan gembung ora substitutif utawa ora bisa nyulahi tembung liyane. Iku bisa ditegesi yen tembung-tembung kang asipat netep ing perangane gembung iku nuduhake kolokasi siji utawa panggonane mung siji. Cacah tembung ana 9, yaiku thekle, ceko, puntung, kithing, ciker, bujel, bembem, lincip lan ngungkal.

Adhedhasar analisis komponen bisa dingerteni yen drajad pepadhane tembung-tembung kang netep ing perangane gembung, yaiku 75%. Kanthi anane 4 fitur dhistingtif, yaiku tangan, sikut, epek-epek lan driji.

### Sipate Sesambungan Paradhigmatik kang Netep ing Perangan Sikil

Sikil kalebu salah siji perangane awak. Tegese sikil, yaiku perangane awak kang gunane kanggo mlaku saka pupu mengisor. Tembung-tembung kang asipat netep ing perangan sikil bisa dingerteni drajade adhedhasar perangan-perangane sikil utawa tembung-tembung hiponim perangane sikil. Cacah tembung cacad ing perangan sikil ana 9. Tembung-tembung iku ora bisa nyulahi tembung liyane. Mula saka iku, sipate netep utawa ora substitutif. Luwih cethane, drajade bisa diweruhi adhedhasar jlentrehan sajrone tabel ing ngisor iki.

#### Conto: Drajad Pepadhane Tembung-Tembung kang Asipat Netep ing Perangan Sikil

No	Tembung	a	b	c	d	e	DP
1	penthong	+	-	-	-	-	80%
2	wagah	+	-	-	-	-	80%
3	buntung	+	-	-	-	-	80%
4	nggandhul	-	+	-	-	-	80%
5	nggajah	-	-	+	-	-	80%
6	kithing	-	-	-	+	-	80%
7	ciker	-	-	-	+	-	80%
8	pruthul	-	-	-	+	-	80%
9	ngungkal gerang	-	-	-	-	+	80%

Katrangan :

a = sikil                      d = driji  
b = kentol                    e = dlamakan  
c = pupu

Adhedhasar tabel ing ndhuwur, bisa dingerteni drajad pepadhane ing sisih tengene. Banjur saka drajad pepadhan iki bisa diterangake yen ana 5 fitur dhistingtif. Banjur saka drajad pepadhan iku bisa dingerteni yen tembung-tembung cacad kang ana ing perangan sirah iku kabeh padha, yaiku 80 %.

### Sipate Sesambungan Paradhigmatik kang Netep ing Perangan Kulit

Perangan kulit hiponim saka perangane sirah kang nduweni teges, yaiku lapisan paling njaba saka awake (manungsa, kewan lan sapanunggal). Perangan kulit hiponim marang kulit ing rai, dlamakan lan awak (kanthi sekabehan). Tembung-tembung kang sipate netep ing perangan kulit, yaiku burik, pecah-pecah, mbesisik, mboldhok, mbengkerok lan kusi.

Adhedhasar tabel drajad pepadhane, nuduhake drajad pepadhan saka tembung-tembung cacade kulit kang asipat netep, bisa dingerteni kanthi anane 4 fitur dhistingtif, tembung-tembung nduweni drajad pepadhan 75%. Sakabehe tembung-tembung kasebut, sipate netep jalaran mung nuduhake siji panggonan.

### Sipate Sesambungan Paradhigmatik kang Ora Netep ing Perangan Sirah

Tembung-tembung kang sipate ora netep ing perangan sirah, yaiku kalebu tembung-tembung kang nduweni panggonan luwih saka siji. adhedhasar fitur dhistingtife, yaiku perangan sirah iku dhewe, rambut, rai, kuping, bathuk, alis, mripat, irung, pipi, janggut, wang, cangkem, lambe, idep lan untu. Sabanjure tembung kang sipate ora netep ing perangane sirah, yaiku amba, penceng, njeber, kandel, maju, njegrang lan bunder.

Luwih cethane, tembung kang drajade 62,5% yaiku tembung amba kanthi kolokasi ing rai, kuping, bathuk, mripat lan cangkem. Tembung kanthi drajad 75% yaiku tembung penceng kang adhedhasar fitur sirah, alis, irung lan lambe. Banjur tembung kanthi drajad 81,3% yaiku tembung njeber kanthi fitur kuping, irung lan wang. Banjur tembung kandel kanthi fitur alis, lambe lan ilat. Saliyane iku ana tembung maju kanthi fitur bathuk, janggut lan untu.

Ukuran drajad sabanjure, yaiku 87,5%. Tembung-tembung yaiku njegrang lan bunder. Tembung njegrang kanthi fitur rambut lan idep. Banjur tembung bunder kanthi fitur rai lan mripat. Bisa didudut, yen drajad pepadhane tembung-tembung kang asipat ora netep ing perangan sirah. Diwiwiti saka drajad pepadhane kang endhek, yaiku 62,5%, 75%, 81,3% lan 87,5%.

### Sipate Sesambungan Paradhigmatik kang Ora Netep ing Perangan Gembung

Tembung-tembung kang sipate ora netep ing perangan gembung yaiku, bunder, amba lan dengkung. Tembung-tembung iku mau nduweni drajad kang padha, yaiku 75% nanging, fitur beda-beda. tembung bunder fitur ing weteng lan bokong. Banjur tembung amba fitur ing dhadha lan geger. Sabanjure tembung dengkung kanthi fitur geger lan bangkekan.

### Sipate Sesambungan Paradhigmatik kang Ora Netep ing Perangan Tangan

Dhasar utawa fitur dhistingtife padha karo fitur dhistingtif sipat kang netep, nanging sipat kang ora netep drajade mesthi luwih endhek. Luwih gamblange, bisa dideleng tabel ngisor iki.

#### Conto: Drajad Pepadhane Tembung-Tembung kang Asipat Ora Netep ing Perangan Tangan

No	Tembung	a	b	c	d	DP
1.	gedhe	+	+	+	+	0%
2.	bengkong	+	-	-	+	50%

Katrangan :

a = tangan                      c = epek-epek  
b = sikut                         d = driji

Adhedhasar andharan ing ndhuwur, bisa dingerteni yen tembung kang sipate ora netep dibedakake dadi rong drajad. Tembung kanthi drajad 0% lan 50%. Luwih cethane, bisa dideleng ing ngisor iki!

#### (1) Drajad 0%

Tembung kang nduweni drajad 0%, yaiku tembung gedhe. Tembung kasebut nduweni pepadhan yaiku adhedhasar cacad ing tangan, driji, sikut lan epek-epek. Saengga, bisa nuwuhake teges yen gedhe yaiku cacade tangan, driji, sikut lan epek-epek kang ukurane gedhe.

#### (2) Drajad 50%

Tembung kang nduweni drajad 50% yaiku tembung bengkong. Tembung kasebut nduweni pepadhan yaiku adhedhasar cacad ing tangan lan driji. Saengga, bisa nuwuhake teges yen bengkong yaiku cacade tangan lan driji kang bentuke bengkong.

### Sipate Sesambungan Paradhigmatik kang Ora Netep ing Perangan Sikil

Tembung kang sipate ora netep ing perangan sikil, yaiku bengkong, gedhe lan garing. Bisa dingerteni antarane tembung bengkong, gedhe lan garing iku nduweni drajad kang ora padha. Mung wae antarane tembung bengkong lan garing iku kang mbedakake yaiku panggonan future nanging drajade padha. Yen tembung gedhe nduweni drajad kang luwih endhek tinimbang tembung garing lan bengkong, jalaran tembung kasebut manggon ing kabeh future. Drajad 0%, yaiku tembung kang nduweni drajad 0% yaiku tembung gedhe kanthi fitur sikil, kentol, pupu, driji lan dlamakan. Banjur tembung kanthi drajad 60%, yaiku tembung bengkong lan garing. Tembung bengkong future ana ing sikil lan driji, nanging tembung garing pepadhane adhedhasar cacad ing kentol lan pupu,

### Sipate Sesambungan Paradhigmatik kang Ora Netep ing Perangan Kulit

Tembung kang sipate ora netep ing perangan kulit cacache ana rong tembung. Tembung-tembunge, yaiku tembung kasap lan garing. Adhedhasar fitur dhistingtif, bisa ditemtokake drajade kang sabanjure bisa dingerteni yen tembung-tembung kang sipate ora netep ing

perangane kulit nduweni drajad lan pepadhan kang beda, yaiku kanthi drajad 0% lan 25%. Tembung kang nduweni drajad 0%, yaiku tembung kasap kanthi dhasar pepadhan, yaiku adhedhasar kulit ing rai, kulit ing dlamakan, lan kulit ing awak. Banjur tembung kanthi drajad 25% yaiku tembung kriptu kanthi pepadhan utawa future, yaiku rai, awak, lan tangan/ sikil.

### B. Andharan lan Jlentrehan Dhata ngenani Kolokasi

Saliyane iku, sajrone dhata-dhata kang wis awujud ukara bisa dijlimeti maneh ngenani struktur ukarane kang sabanjure bisa nemtokake sesambungan teges sajrone ukara kasebut kang bisa asipat netep utawa ora netep (sajrone ukara). Sipat-sipat sesambungan sintagmatik ngenani cacade awak, yaiku dhistribusi, enkapsulasi lan ekstensi. Luwih gamblange bisa dideleng ing ngisor iki.

#### Sesambungan sintagmatik kang asipat dhistribusi ing Perangan Sirah

Sesambungan sintagmatik kang asipat dhistribusi ing perangan sirah ing antarane yaiku tembung-tembung kang nduweni sipat ora netep. Ing antarane tembung-tembunge yaiku penceng, njegrag, amba, bunder, njeber, kandel lan maju. Jlentrehan ukarane, bisa dideleng kanggo conto ing ngisor iki.

##### 1) penceng

Penceng kalebu aran cacad kang papane ing sirah lan ing alis. Dadi, tembung penceng saliyan kanggo sirah uga kanggo alis. Mula, diarani sipate sesambungan sintagmatik kang dhistribusi. Luwih cethane, bisa dideleng conto ukara ing ngisor iki.

Conto:

(1) Aku wingi ketemu Ferdi nang ngarep omah, sirahe pancen ketara banget nek penceng.

(JKW-PO)

(2) Wis ket biyen alise penceng sisih.

(JKW-PO)

Adhedhasar conto ukara (1) ing ndhuwur nuduhake yen tembung penceng sakolokasi marang sirah. Tembung 'aku' sajrone ukara iku mujudake agentif kang nindakake wasesa aktif yaiku ketemu karo Ferdi. Ferdi minangka lesan. Sabanjure nyethakake menawa sirahe kang dadi objektif iku nduweni kahanan yaiku penceng. Mula saka iku, penceng sakolokasi marang sirah kang tegese sirah penceng, yaiku cacade sirah kang wujud katon ora padha ing sisih mburine jalaran rada mblesek menjero.

Tembung penceng saliyan kanggo cacade sirah, uga bisa kanggo cacad ing alis. Bisa dideleng ing contoh (2) kang bisa dingerteni strukture yen tembung alis minangka objektif. Tembung "penceng" nyethakake minangka kahanan saka alis kanthi anane katrangan wektu, yaiku wis ket biyen. Saengga, tembung penceng uga sakolokasi marang alis kang nduweni teges, yaiku cacade alis kang wujud garise ora kenceng utawa ora salaras antarane alis kiwa lan alis tengen.

(3) Irungmu yen taksawang-sawang kayake rada penceng.

(JKW-PO)

(4) Jane wonge ayu, ning lambene ancen penceng sithik.

(JKW-PO)

Adhedhasar ukara (3) bisa dingerteni menawa tembung penceng iku nuduhake kolokasine irung. Sajrone ukara iku mau, tembung 'irungmu' minangka objektif. Banjur tembung 'disawang' kalungguhane minangka wasesa pasif. Anggone irung sing disawang iku nyethakake kahanane irung kang penceng. Mula, tembung 'penceng' maksude kanggo nggambarake kahanane irung kang posisi belunge rada mlense mengiwa utawa nengen.

Sabanjure, yaiku jlentrehane ukara (4) kang tegese, yaiku sawijine pawongan wadon kang ayu nanging lambene penceng. Ukara kasebut menawa dipretheli nuduhake yen tembung 'lambe' minangka objektif lan wong ayu iku minangka jejer kang kalungguhane pasientif. Banjur tembung 'penceng' iku minangka kahanan kang nggambarake wujud lan poosisine lambe kang rada miring mengiwa utawa nengen. Dadi sing dimaksud lambe penceng, yaiku wujud lan poosisine lambe kang rada miring mengiwa utawa nengen.

### Sesambungan sintagmatik kang asipat dhistribusi ing Perangane Gembung

Sesambungan sintagmatik kang asipat dhistribusi ing perangan gembung ing antarane yaiku tembung-tembung kang nduweni sipat ora netep. Ing antarane tembung-tembunge yaiku bunder, amba lan dengkung. Conto andharane bisa dideleng jlentrehan kanthi luwih cetha kaya ngisor iki.

1) bunder

Tembung bunder kalebu tembung kang sipate ora netep ing perangan gembung. Tembung bunder nduweni kolokasi luwih saka siji, yaiku ing perangan weteng lan bokong. Tembung bunder, tembung kang bisa didhistribusikake kanthi kolokasi kang beda-beda.

(24) Wetengmu bunder kaya bal.

(JKL-PO)

Ukara ing ndhuwur bisa dingerteni yen wetengmu kalebu jejer kang kakungguhane objektif. Tembung bunder minangka wasesa kang kalungguhane kahanan. Banjur ana katrangan bunder kaya bal. Saengga, bisa didudut yen tembung bunder kolokasi marang weteng.

Andharan sabanjure, yaiku tembung bunder kang kolokasine ing bokong. Cacade bokong, salah sijine yaiku bunder. Kalebu cacade bokong kang sipate ora netep. Tembung bunder, bisa didhistribusikake maneh ing kolokasi bokong. Andharane kaya ngisor iki.

(25) Bokonge bunder rek. Deloken!

(JKL-PP)

Tembung bunder, ing ukara (24) nuduhake kolokasi marang bokong. tembung bokong minangka jejer kang kalungguhane objektif lan tembung bunder minangka wasesa kang kalungguhane minangka kahanan. Kahanan kang dimaksudake, yaiku kahanan kang cundhuk nggambarake wujud bokong. Adhedhasar andharan ing ndhuwur bisa diweruhi yen tembung bunder kolokasine luwih saka siji. Tegese, tembung bunder iku mau sipate dhistribusi.

### Sesambungan sintagmatik kang asipat dhistribusi ing Perangane Tangan

Sesambungan sintagmatik kang asipat dhistribusi ing perangan tangan ing antarane yaiku tembung-tembung kang nduweni sipat ora netep. Ing antarane tembung-tembunge yaiku bengkong lan gedhe. Jlentrehan dhata ukarane bisa dideleng kanthi luwih cetha kaya ngisor iki.

1) gedhe

Tembung gedhe kalebu tembung kang sipate ora netep ing set. Tembung gedhe mujudake kolokasi kang luwih saka siji, yaiku ing tangan, driji, sikut lan epek-epek. Tegese tembung gedhe tumrape tangan, driji, sikut lan epek-epek, yaiku cacade tangan, driji, sikut lan epek-epek kang ukurane gedhe. Sipate tembung iku uga bisa didhistribusikake sajrone ukara kanthi kolokasi kang uga beda.

(30) Tangane gedhene se. Nek ngaplok apa gak semaput?

(JKW-PO)

(31) Drijine gedhe kaya gedhang Raja.

(JKW-PP)

(32) Sikute gedhe yoan merga awake lemu.

(JKW-PP)

(33) Epek-epeke Pak Ar gedhe.

(JKW-PS)

Ukara ing ndhuwur iku mau, nuduhake sekabehane sipate tembung kang dhistribusi. Ukara (30) tembung tangan minangka jejer kang kalungguhane objektif saengga, tembung gedhe nuduhake kolokasi marang tangan. Semono uga struktur ukarane (31), (32) lan (33). Saka kono, bisa didudut yen tembung gedhe kolokasi marang tangan, driji, sikut lan epek-epek. Mula, sipate tembung iki sipate dhistribusi.

### Sesambungan sintagmatik kang asipat dhistribusi ing Perangane Sikil

Sesambungan sintagmatik kang asipat dhistribusi ing perangan sikil ing antarane yaiku tembung-tembung kang nduweni sipat ora netep, yaiku bengkong, gedhe lan garing. Ing antarane tembung-tembunge bisa dideleng jlentrehan kanthi luwih cetha kaya ngisor iki.

1) gedhe

Tembung gedhe uga kalebu minangka cacade sikil kang kolokasine luwih saka siji, yaiku ing sikil, kentol, pupu, driji lan dlamakan. Dadi, sipat sesambungan sintagmatike asipat dhistribusi jalaran sajrone ukara tembung kasebut bisa diwujudkan ukara kanthi kolokasi kang beda-beda. Jlentrehane kaya ngisor iki.

(36) Sikilku gedhe ya Mbak?

(JKW-PO)

(37) Kentole wong mbecak biyasane gedhe.

(JKW-PP)

(38) Pupune wong iku gedhene.

(JKW-PP)

(39) Drijine gedhe. Tapi kok cendhek-cendhek ya?

(JKW-PP)

(40) Dlamakanane bapak lo gedhe.

(JKW-PO)



Ukara-ukara ing ndhuwur wiwit nomer (36) nganti (40) nduweni struktur ukara kang meh padha. Kang mbedakake yaiku mung ing jejere utawa kolokasine.

Yen dijlentrehake tembung sikil, kentol, pupu, driji lan dlamakan kabeh minangka jejer kang kalungguhane objektif. Banjur tembung gedhe minangka wasesa kang nelahake kahanane jejer. Mula saka iku, bisa dingerteni yen tembung gedhe bisa dilebokake sajrone ukara kanthi kolokasi kang beda. Saengga, nuduhake sipat sesambungan sintagmatik kang dhistribusi.

### Sesambungan sintagmatik kang asipat dhistribusi ing Perangane Kulit.

Sesambungan sintagmatik kang asipat dhistribusi ing perangan kulit ing antarane yaiku tembung-tembung kang nduweni sipat ora netep yaiku kasap lan kriptut. Ing antarane tembung-tembunge bisa dideleng jlentrehan kanthi luwih cetha kaya ngisor iki.

#### 1) kasap

Tembung kasap kalebu cacade kulit kang kolokasine luwih saka siji, yaiku ing rai, dlamakan lan tangan utawa sikil banjur awak. Tegese tembung kasap iku bisa manggon ing kolokasi luwih saka siji. Dadi, bisa diweruhi yen sesambungan sintagmatike asipat dhistribusi. Kanggo mbuktekake bisa dideleng jlentrehan ngisor iki.

- (43) Kulit raine kasap.  
(JKW-PO)
- (44) Kulit dlamakane kasap.  
(JKW-PO)
- (45) Kulit tangan pean kasap.  
(JKW-PO)
- (46) Kulit sikilmu kasape se?  
(JKL-PO)
- (47) Awakku iki kulite kasap kaya kertas gosok.  
(JKL-PO)

Adhedhasar ukara ing ndhuwur, bisa dingerteni yen tembung kulit rai, kulit dlamakan, kulit tangan, kulit sikil lan kulit awak minangka jejer kang kalungguhane objektif. Banjur tembung kasap kalebu wasesa kang nelahake kahanane jejer. Saengga tembung kasap iku kalebu sipate sesambungan sintagmatik kang dhistribusi. Kang ateges kulit iku rada ana reged saengga kulite ora alus.

### Sesambungan sintagmatik kang asipat enkapsulasi ing Perangane Sirah

Sesambungan sintagmatik kang asipat enkapsulasi ing perangan sirah bisa diweruhi adhedhasar tembung-tembung kang sipate netep ing set, yaiku buthak, nggandhen, jendhol, peyang, gimbal, brintik, kriwul, cemet, puret, pithet, budheg, nonong, penjol, nggambreng, picek, kera, wuta, kiyer, sipit, mendolo, pesek, grumpung, nyeprok, kempong, kempot, gembil, gugut, cathis, malang, ngodhok, kokop, ndoweh, ndombleh, njodhir, perot, kepleh, angisi, prongos, gingsul, gigis, lan bundhel.. Saengga, nalika diwujudake ing ukara ora bisa didistribusikake lan nuduhake sipat

sesambungan sintagmatik kang asipat enkapsulasi. Luwih cethane, dijlentrehake ing ngisor iki.

#### 1) buthak

Tembung buthak nuduhake kolokasine marang sirah. Tembung buthak kalebu tembung kang kolokasine mung siji, yaiku ing sirah. Adhedhasar kasil anggane ngeset, tembung buthak kalebu tembung kang asipat netep dadi, ora bisa digunakake ing papan utawa kolokasi kang luwih saka siji. Menawa diwujudake sajrone ukara, luwih cethane kaya ing ngisor iki.

- (51) Hadhuh aku gak gelem karo Mase, hla wong buthak ngono lo.

(JKW-PO)

Ukara ing ndhuwur iku mau nduweni teges yen tembung aku kang kalungguhane minangka jejer. Banjur ana wasesa yaiku ora gelem karo Mase. Tembung Mas iku kalungguhane minangka lesan. Sabanjure tembung buthak ing kono minangka kahanan kang nduweni teges ora dithukuli rambut. Maksudé, kang ora dithukuli rambut iku wis cetha ing sirah. Dadi kang buthak iku wis mesthi sirah. Mula saka iku, tembung buthak enkapsulasine marang sirah utawa tembung buthak nuduhake sipate sesambungan sintagmatik kang enkapsulasi.

### Sesambungan sintagmatik kang asipat enkapsulasi ing Perangane Gembung

Sesambungan sintagmatik kang asipat enkapsulasi ing perangan gembung bisa diweruhi adhedhasar tembung-tembung kang sipate netep ing set, yaiku banyak, gundhek, jemblong, bekel, busung, kadut, dengkek, mringkus, bungkok, sangkuk, sengkleh, bodong, njenthit, tepos lan bembeng. Saengga, nalika diwujudake ing ukara ora bisa didistribusikake lan nuduhake sipat sesambungan sintagmatik kang asipat enkapsulasi. Tegese, tembung-tembunge mujudake kolokasi siji. Luwih cethane, dijlentrehake ing ngisor iki.

#### 1) banyak

Tembung banyak kalebu tembung cacade gulu kang tegese, yaiku gulu kang ukurane dawa banget. Tembung banyak mujudake kolokasi siji, saengga surasane tembung banyak mujudake kolokasi enkapsulasi marang gulu. Yen diwujudake sajrone ukara, kurang luwih kaya andharan ngisor iki.

- (92) Ancene awakmu kaya banyak, mulane ya langak-langak ae.

(JKL-PO)

Tegese ukara ing ndhuwur iku nggambarake menawa kang banyak iku gulune. Banjur tembung langak-langak iku nduweni tegese tola-tola kanro ndhangak-ndhangak. Tegese sesambungan teges antarane tembung banyak lan langak-langak iku wis bisa dingerteni surasane tembung banyak mujudake kolokasi enkapsulasi marang gulu.

### Sesambungan Sintagmatik kang Asipat Enkapsulasi ing Perangane Tangan

Sesambungan sintagmatik kang asipat enkapsulasi ing perangan tangan bisa diweruhi adhedhasar tembung-tembung kang sipate netep ing set, yaiku thekle, ceko, puntung, kithing, ciker, bujel, bembem, lincip lan

ngungkal. Saengga, nalika diwujudake ing ukara ora bisa didistribusikake lan nuduhake sipat sesambungan sintagmatik kang asipat enkapsulasi. Tegese, tembung-tembunge mujudake kolokasi siji. Luwih cethane, dijlentrehake ing ngisor iki.

1) thekle

Tegese tembung thekle, yaiku cacade tangan jalaran belunge bengkong tur ukurane kang cendhak. Tembung kasebut menawa ing set, kalebu golonganane tembung kang sipate netep. Tegese netep, yaiku tembunge mung dianggo ing siji panggonan. Saengga tembung thekle dianggo arane cacad ing tangan. Sipat kolokasine, bisa diweruhi saka andharan ing ngisor iki.

(108) Dheweke rada kangelan yen ngangkat barang abot- abot merga thekle.

(JKW-PP)

Ukara ing ndhuwur ngandhut teges menawa jalaran thekle dadi rada kangelan ngangkat barang abot-abot. Merga kangelan olehe ngangkat, tegese tangane ora kuwat jalaran anane pisebab. Ing tembung sabanjure ana tembung thekle. Saengga, surasane tembung thekle mujudake enkapsulasine tangan. Jalaran thekle utawa tangan kang belunge bengkong tur ukurane cendhak.

Dadi bisa didudut, yen sipate tembung thekle sajrone ukara kasebut yaiku mujudake kolokasi enkapsulasi. Tegese menawa kang thekle iku mesthi tangan. Dudu driji, dudu epek-epek lan sateruse. Masiya ing ukara kasebut tembung tangan ora dilebokake sajrone ukara.

### Sesambungan Sintagmatik kang Asipat Enkapsulasi ing Perangane Sikil

Sesambungan sintagmatik kang asipat enkapsulasi ing perangan sikil bisa diweruhi adhedhasar tembung-tembung kang sipate netep ing set, yaiku penthong, wagah, buntung, nggandhul, nggajah, kithing, ciker, pruthul lan ngungkal gerang. Saengga, nalika diwujudake ing ukara ora bisa didistribusikake lan nuduhake sipat sesambungan sintagmatik kang asipat enkapsulasi. Tegese, tembung-tembunge mujudake kolokasi siji. Luwih cethane, dijlentrehake ing ngisor iki.

1) penthong

Tembung penthong minangka tembung cacade awak kang sipate netep. Tegese, tembung penthong mung kanggo arane cacad kang panggonane ing sikil. Ora ana ing perangan liya-liyane. Saengga, surasane tembung penthong enkapsulasi marang sikil. Luwih cethane kaya andharan ngisor iki.

(117) Nor iku penthong, mulane nek mlaku rada mingkup.

(JKW-PO)

Adhedhasar ukara ing ndhuwur, tembung Nor kalebu jejer kang kalungguhane pasientif. Banjur tembung penthong kalebu wasesa kang nelahake kahanane pasientif. Sabanjure ana katrangan, yaiku mlakune mingkup. Iku kang nyebabake sikile penthong.

Masiya tembung sikil ora disebutake ing ukara kasebut, nanging surasane tembung penthong mujudake enkapsulasi marang sikil jalaran anane sesambungan teges karo tembung-tembung kang ana sajrone ukara mau. Dadi kang diarani penthong iku mesthi sikil.

### Sesambungan Sintagmatik kang Asipat Enkapsulasi ing Perangane Kulit

Sesambungan sintagmatik kang asipat enkapsulasi ing perangan kulit bisa diweruhi adhedhasar tembung-tembung kang sipate netep ing set, yaiku burik, pecah-pecah, mbeksisik, mblohdok, mbengkerok lan kusi. Saengga, nalika diwujudake ing ukara ora bisa didistribusikake lan nuduhake sipat sesambungan sintagmatik kang asipat enkapsulasi. Tegese, tembung-tembunge mujudake kolokasi siji. Luwih cethane, dijlentrehake ing ngisor iki.

1) burik

Tembung burik kalebu tembung kang sipate netep ing set. Lan kalebu tembung kang kolokasine mung siji, yaiku mung ana ing kulit (rai). Tegese rai burik, yaiku cacade kulit ing rai jalaran anane tilas ireng-ireng lan bolong-bolong. Luwih cethane, sipat kolokasine bisa diweruhi saka andharan ngisor iki.

(126) Aku kepengin tuku *Cream Pemutih*, sapa ngerti bisa ngilangi kulit burik.

(JKW-PO)

Ukara kasebut menawa dipretheli, tembung aku minangka jejer kang kalungguhane objektif. Tembung kepengin tuku minangka wasesa aktif lan tembung *cream pemutih* minangka lesan. Banjur ana katrangan menawa bisa kanggo ngilangi burik.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur, saka sesambungan teges ing antarane tembung-tembung sajrone ukara kasebut. Anane tembung *cream pemutih* iku bisa kanggo menehi teges menawa kang dikarepake kulit burik, yaiku kulit ing rai. Mula saka iku, surasane tembung burik enkapsulasi marang kulit ing rai.

### Sesambungan Sintagmatik kang asipat Ekstensi ing Perangane Sirah

Sesambungan sintagmatik kang asipat ekstensi ing perangan sirah cacahane ana 3, yaiku tembung nggandhen, ngodhok lan angisi. Tembung-tembung kasebut kalebu tembung kang ngalami owah-owahan kang luwih amba. Luwih cethane bakal dijlentrehake kaya ngisor iki.

1) nggandhen

Kaya kang wis diandharake ing ndhuwur ing subbab cacade awak kang sipate enkapsulasi ing cacade sirah, ing kono ana tembung nggandhen kang tegese, yaiku cacade sirah jalaran sirahe mbendhol gedhe banget ing sisih mburi. Adhedhasar teges lan tembunge iku nduweni sesambungan kang arane sesambungan makna lan wujud. Tembung nggandhen wiwitane dijupuk saka tembung 'gandhen' kang tegese 'palu'. Saengga, bisa ditegesi yen sirah nggandhen iku sirahe mbendhol gedhe banget ing sisih mburi kang tegese kaya palu. Tembung nggandhen, wiwitane saka tembung 'gandhen' banjur antuk anuswara {'ng-'} banjur dadi tembung nggandhen. Ukurane kaya ngisor iki.

(132) Sirahe nggandhen. (sirahe mbendhol kaya gandhen).

(JKW-PO)

(133) Aku wingi nyilih gandhen.

Ukara (132) lan (133) nduweni teges kang beda nalika wis dilebokake sajrone ukara. Ing ukara (132) tegese tembung nggandhen ngadhut teges kang ora sabener, iku siraha bentuke kaya gandhen kang tegese kaya palu.

Sabanjure tembung (133) iku nduweni teges kang beda karo tembung gandhen ing (132). Tembung gandhen ing ukara (133) nduweni teges kang sabener kaya palu. Dadi bisa didudut, tembung nggandhen minangka cacade sirah kalebu ekstensi jalaran tembung nggandhen iku dudu makna kang sabener nanging, mung teges kang diambakake.

### Sesambungan Sintagmatik kang asipat Ekstensi ing Perangane Gembung

Sesambungan sintagmatik kang asipat ekstensi ing perangan gembung cacahé ana 2, yaiku tembung banyak lan kadut. Tembung-tembung kasebut kalebu tembung kang ngalami owah-owahan kang luwih amba kang dianggo aran cacade awak. Luwih cethane bakal dijintrehake kaya ngisor iki.

#### 1) banyak

Tembung banyak dianggo kanggo aran cacade awak, yaiku cacade gulu. Diarani gulu banyak, jalaran ukurane gulu kang dawa kaya gulune banyak. Tembung banyak ngalami owah-owahan tumuju teges kang luwih amba jalaran anane kabutuhan manungsa kanggo ngarani gulu kang ukurane dawa banget iku nyilih tembung banyak.

Kamangka tembung banyak kang sabener iku kalebu sato iwen kang gulune pancen dawa. Nanging bisa dianggo aran cacade gulu. Luwih cethane bisa dideleng conto ukara ing ngisor iki.

(138) Gulumu iku banyak, wis dawa langak-langak ae.  
(JKL-PO)

Ukara ing ndhuwur iku menawa dipretheli, tembung guluminangka jejer kang kalungguhane objektif lan tembung banyak minangka wasesa kang kalungguhane kahanan. Sabanjure ana katrangan yaiku dawa lan langak-langak.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur, bisa dingerteni yen tegese tembung banyak ing ukara (101a) nuduhake teges menawa gulu banyak iku tegese dudu gulune banyak nanging gulu kang ukurane dawa banget (kaya gulune banyak). Yen ditandhingake karo ukara sabanjure, kaya ngisor iki.

(139) Aku disosor banyak.  
(JKL-PO)

Ukara (139) menawa ditegesi, tembung aku kalebu jejer kanthi kalungguhane yaiku pasientif. Tembung disosor kalebu wasesa pasif lan banyak minangka lesan.

Adhedhasar bab kasebut bisa dingerteni yen ukara (139) nduweni teges menawa tembung banyak iku nduweni teges, banyak sato iwen. Jalaran banyak iku pancen bisa nindakake nyosor. Kaya kang ana ing ukara iku mau. Dadi, banyak kang dimaksud yaiku tembung banyak kang nduweni teges sabener.

Saangga, bisa didudut yen tembung banyak kang dianggo ing cacade awak yaiku cacade gulu, kaya tembung banyak ing ukara (138) iku sipate ekstensi.

Jalaran tembung banyak dijupuk saka tembung banyak kang nduweni teges sabener minangka sato iwen.

### Sesambungan Sintagmatik kang asipat Ekstensi ing Perangane Tangan

Sesambungan sintagmatik kang asipat ekstensi ing perangan gembung cacahé mung 1, yaiku tembung ngungkal. Tembung kasebut kalebu tembung kang ngalami owah-owahan kang luwih amba kang dianggo aran cacade awak. Luwih cethane bakal dijintrehake kaya ngisor iki.

#### 1) ngungkal

Tembung ngungkal, dianggo arane cacade epek-epek. Kamangka tembung ngungkal asale saka tembung ungal kang tegese 'kanggo ngasah samubarang supaya landhep' biyasane wujud gedhe lan kasap. Mula tegese, tembung ngungkal yaiku cacade epek-epek kang ukurane gedhe, atos lan kasap. Kaya conto ukara ngisor iki.

(142) Salaman karo Pak dhe, rasane epek-epeke ngungkal.  
(JKW-PS)

Tembung ngungkal ing ukara ndhuwur iku, nduweni teges yaiku epek-epeke gedhe banget, atos lan kasap kaya ungal. Tembung ngungkal ing kono, kalebu jinising tembung kriya kang nelahake kahanan. Mula nuduhake sipat kolokasi ekstensi jalaran tembung ngungkal iku dudu teges kang sabener. Teges kang sabener, bisa dideleng conto ukara ngisor iki.

(143) Bapak tuku ungal kanggo ngungkal arit.

Adhedhasar ukara (143) iku mau, tembung bapak minangka jejer kang kalungguhane agentif. Tembung tuku minangka wasesa lan tembung ungal minangka lesan. Banjur tembung ngungkal minangka katrangan kang kalebu jinising tembung kriya nanging ora nelahake kahanan kaya tembung ngungkal ing ukara (142). Tembung ungal iku linggane ngungkal kang nduweni teges sabener.

Mula ing ukara (143) tembung ungal lan ngungkal iku ngadhut teges kang sabener. Nanging, tembung ngungkal ing ukara (142) nduweni teges kang dudu sabener, yaiku kahanane epek-epek kang gedhe, atos tur kasap kaya ungal. Mula, tembung ngungkal kalebu tembung kang sipate ekstensi.

### Sesambungan Sintagmatik kang asipat Ekstensi ing Perangane Sikil

Sesambungan sintagmatik kang asipat ekstensi ing perangan gembung cacahé mung 1, yaiku tembung ngungkal. Tembung kasebut kalebu tembung kang ngalami owah-owahan kang luwih amba kang dianggo aran cacade awak. Luwih cethane bakal dijintrehake kaya ngisor iki.

#### 1) nggajah

Tembung nggajah wiwitane saka tembung lingga kang kalebu tembung aran, yaiku gajah. Banjur diwenehi anuswara {ng-} dadi tembung kriya kang nelahake kahanan. Lan tegese, uga wis owah saka teges sabener. Teges asli gajah, yaiku sajinis kewan kang gedhe. Nanging yen nggajah, tegese yaiku cacade pupu kang

ukurane gedhe banget kaya silike gajah. Luwih cethane, gatekna ukara ngisor iki!

(144) Gajah ing Bonbin akeh sing mati.  
(JKW-PS)

(145) Pupumu lo nggajah.  
(JKW-PO)

Tembung gajah ing ukara (144) nduweni teges sabenera yaiku minangka keawan kang ukurane gedhe. Nanging tembung nggajah ing ukara (145) nduweni teges kang luwih amba, yaiku cacade pupu kang ukurane gedhe (kaya pupune gajah). Dadi tegese iku wis luwih amba.

Tembung nggajah ing ukara (145) kalebu ekstensi, jalaran nduweni teges kang luwih amba lan owah saka teges tembung sadurunge.

## PANUTUP

### Dudutan

Adhedhasar andharan lan dhiskusi asile panliten ing bab IV, panliten ngenani set lan kolokasi ngenani cacade awak ing Desa Candipari Kecamatan Porong Kabupaten Sidoarjo. Anggone niti jinise sipat sesambungan paradigmatik ing set, yaiku ana set kang netep lan ora netep. Banjur jinise sesambungan sintagmatik ing kolokasi yaiku kolokasi dhistribusi, enkapsulasi lan ekstensi.

Mula adhedhasar set lan kolokasi ngenani cacade awak ing Desa Candipari Kecamatan Porong Kabupaten Sidoarjo bisa dingerteni tembung kang sipate netep lan asipat enkapsulasi ing kolokasi ing perangan sirah, yaiku buthak, nggandhen, jendhol, peyang, gimbal, brintik, kriwul, cemet, puret, pithet, budheg, nonong, penjol, nggambreng, picke, kera, wuta, kiyer, sipit, mendolo, pesek, grumpung, nyeprok, kempung, kempot, gembil, gugut, cathis, malang, ngodhok, kokop, ndoweh, ndombleh, njodhir, perot, kepleh, angisi, prongos, gingsul, gigis, lan bundhel.

Banjur tembung kang sipate netep ing set lan enkapsulai ing kolokasi ing perangan gembung, yaiku banyak, gundhek, jemblong, bekel, busung, kadut, dengkek, mringkus, bungkok, sangkuk, sengkleh, bodong, njenthit, tepos lan bembeng. Saliyane iku tembung kang sipate netep ing perangan tangan, yaiku thekle, ceko, puntung, kithing, ciker, bujel, bembem, lincip lan ngungkal.

Banjur tembung kang sipate netep ing set lan enkapsulasi ing kolokasi sajrone perangan sikil, yaiku penthong, wagah, buntung, nggandhul, nggajah, kithing, ciker, pruthul lan ngungkal gerang. Sabanjure ing perangan kulit, tembung-tembunge, yaiku burik, pecah-pecah, mbeksisik, mblodhok, mbengerok lan kusi.

Menawa tembung kang sipate ora netep ing set lan sipate dhistribusi ing kolokasi sajrone perangan sirah, tembunge yaiku penceng, njegrang, amba, bunder, njeber, kandel lan maju. Sabanjure ing perangan gembung ana tembung bunder, amba lan dengken. Ing perangan tangan, yaiku tembung bengkong lan gedhe. Sabanjure ing perangan sikil, yaiku bengkong, gedhe lan garing. Kang pungkasan, yaiku perangan kulit tembung-tembunge ana tembung kriptut lan kasap. Sipate sesambungan sintagmatik kang sipate ekstensi, yaiku

tembung nggandhen, ngodhok, angisi, banyak, kadut, ngungkal, nggajah lan ngungkal gerang.

## KAPUSTAKAN

Antunshono. 1953. *Reringkesaning Paramasastra Djawi*. Jogjakarta: Soejadi

Aminuddin. 2008. *Semantik: Pengantar Studi tentang Makna*. Bandung. Sinar Baru Algesindo Offset.

Chaer, Abdul. 2009. *Pengantar Semantik Bahasa Indonesia*. Edisi Revisi. Jakarta: PT. Rineka Cipta.

Djayasudarma, T. Fatimah. 1999. *Semantik 1: Pengantar ke Arah Ilmu Makna*. Bandung: PT. Refika Aditama.

Dyayasudarma, T. Fatimah. 1999. *Semantik 2: Pemahaman Ilmu Makna*. Bandung: PT. Refika Aditama.

Gudai, Darmansyah. 1989. *Semantik Beberapa Topik Utama*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan Direktorat Jendral Pendidikan Tinggi.

Haryono, Soewandi. 2008. *Buku Pepak Basa Jawa*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.

Kridalaksana, Harimurti. 2008. *Kamus Linguistik*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.

Mahsun. 2006. *Metode Penelitian Bahasa: Tahapan Strategi Metode dan Tehniknya*. Jakarta: PT. Raja Grafindo Persada

Nardiati, Sri. 1994. Medan Makna yang Berkonsep 'Membungkus' dalam Bahasa Jawa. *Widyaparwa*. Juni 1994. Jogjakarta: Balai Penelitian Bahasa.

Nurlina, Wiwik Erni Siti. 1994. Perian Semantis Adjektiva berkonsep 'Ketidaknormalan atau bernilai negatif pada tubuh manusia' dalam Bahasa Jawa. *Widyaparwa*. Juni 1994. Jogjakarta: Balai Penelitian Bahasa.

Oka, I.G.N dan Suparno. 1994. *Linguistik Umum*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.

Padmosoekatja, S. Soejadi. 1953. *Ngrengrengan Kasusastran Djawa*. Djokdja: Hien Hoo Sing.

Padmosoekatja, S. Soejadi. 1987. *Paramasastra Jawa*. Surabaya: PT.Citra Jaya Murti.

Padmosoekatja, S. 1956. *Sarine Basa Djawa*. Djakarta: Noordhoff. Kolff N.V.

Parera, Jos Daniel. 1988. *Sintaksis*. Edisi Kedua. Jakarta: PT. Gramedia Pustaka Utama.

- Parera, Jos Daniel. 2009. *Dasar-Dasar Analisis Sintaksis*. Jakarta: PT. Gelora Aksara Pratama.
- Parera, Jos Daniel. 2004. *Teori Semantik*. Edisi Kedua. Jakarta: PT. Gelora Aksara Pratama.
- Pateda, Mansoer. 1996. *Semantik Leksikal (Edisi Kedua)*. Jakarta: PT. Rineka Cipta.
- Poerwadarminta. 1939. *Baoesastra Djawa*
- Prawiroatmojo, S. 1980. *Bahusastra Jawa-Indonesia Jilid I*. Surabaya: PT. Gunung Agung
- Samsuri. 1991. *Analisis Bahasa: Memahami Bahasa secara Ilmiah*. Jakarta: Erlangga.
- Sasangka, Sry Satriya Catur Wisnu. 2001. *Paramasastra Gagrag Anyar Bahasa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua.
- Sastrosoepadma, S. 1958. *Paramasastra Djawi*. Jogjakarta: Soejadi.
- Saussure, Ferdinand de. 1996. *Pengantar Linguistik Umum*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.
- Setiawan, Aris. 2013. *Set ngenani Solah Bawane Tangan*. Surabaya
- Subalidinata. 1994. *Kawruh Paramasastra Jawa*. Yayasan Pustaka Nusatama
- Subroto, Edi. Dkk. 1991. *Tata Bahasa Deskriptif Bahasa Jawa*. Jakarta: Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Sudaryanto. 1991. *Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Tim. 2001. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Utami, Farida Tri. 2013. *Set lan Kolokasi Sajrone Upacara Panggih Penganten*. Skripsi
- Verhaar, J.W.M. 1992. *Pengantar Linguistik*. Jogjakarta: Gajah Mada University Press.
- Wedhawati, Dkk. 2001. *Tata Bahasa Jawa Mutakhir*. Jakarta: Pusat Bahasa Departemen Pendidikan.